



Pou Piblikasyon Imedya: 05/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TABLEWONN REJYONAL NAN REJYON KAPITAL
POU PLANIFYE EGZEKISYON LWA SOU OBLIGASYON ANVIWÒNMANTAL
'RESTORE MANMAN LANATI' A**

***Rediksyon inondasyon k'ap mennen nan nasyon an ak inisyativ restorasyon abita
nan kad angajman istorik ki estime a 33 milya dola pou senk ane pou konbat
chanjman klimatik la***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse katriyèm sou yon seri reyinyon tablewonn rejyonal kote ajans Eta New York yo pral rankontre ak pati konsène yo nan nivo lokal pou ede ak egzekisyon alavni Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal (Environmental Bond Act) "Restore Manman Lanati" (Restore Mother Nature) a ki estime a 3 milya dola yo pwopoze ki te fèt jodi a nan Rejyon Kapital. Tablewonn nan te fèt nan Pak Eta Peebles Island e li te angaje pati konsène yo ak minisipalite yo pou asire pwojè alavni yo pral aliye ak priyorite lokal yo. Yo pwograme plis tablewonn nan tout Eta New York la.

"Nouyòkè yo te eksperimante deja enpak devastatè chanjman klimatik yo - soti nan inondasyon istorik pou rive nan kondisyon meteyowolojik grav, chak kwen Eta a te afekte epi nou dwe aji avan li twò ta", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou te lanse pwogram chanjman klimatik ki pi anbisyè nasyon sa a te wè epi yon pati enpòtan nan efò sa a se lwa sou obligasyon anviwònman nou an, ki pral restore abita ki domaje yo ak itilize pwojè ki baze sou lanati pou amelyore rezilyans ak pwoteje kominote nou yo."

Devwale nan diskou Eta Leta 2020 Gouvènè Cuomo a, Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal "Restore Manman Lanati" a prezante yon seri de pwojè enpòtan pou pwoteje resous dlo nou yo ak abita pwason ak bèt sovaj pou jenerasyon alavni yo. Egzanp kalite pwojè ke yo ka finanse atravè nouvo inisyativ sa a ka gen ladan:

- Akizisyon tè pou bay opòtinite lwazi, pwoteje kominote yo kont inondasyon, ak sovgade sous dlo potab yo.
- Restorasyon zòn imid dlo dous ak marekaj pou "mete lanati nan travay" nan filtre eleman kontaminan ak eleman nitritif yo.
- Tanpon rivren pou pwoteje mas dlo yo kont ekoulman eleman nitritif ak sedimantasyon ak anpeche HAB yo.
- Investisman eklozri pwason ak amelyorasyon sit aksè piblik pou leve NY antanke premye eta a pou lapèch lwazi.

- Mezi pou ranfòse rezilyans ki gen ladan acha pwopriyete volontèman, kalibre gwosè kanivo yo ak pon yo, retire dig ki demode ak danjere yo, ak pwojè enfrastrikti vèt yo.

Pandan tablewonn yo, ajans Eta New York yo, tankou Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC), Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets), Depatman Eta a (Department of State), Otorite Rechèch ak Devlopman pou Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority), ak lòt yo ki pral angaje kominote yo ak pati konsène yo nan yon pwosesis transparan pou idantifye pwojè potansyèl ki diminye risk ki soti nan inondasyon ak avanse restorasyon abita a.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la, Basil Seggos te deklare, "Gouvènè Cuomo ap bati sou envestisman rekò Eta nan bon jan kalite dlo ak abita ki ap amelyore resous natirèl nou yo ak ranfòse kominote nou yo nan kreye pwogram Restore Manman Lanati a ane pase. Lwa sou Obligasyon anviwònmanal yo pwopoze a ap chèche ogmante divèsite biyolojik, amelyore sante pwason nou yo ak bèt sovaj nou yo, amelyore kalite dlo a, prezève zòn tanpon siyifikatif natirèl pou anpeche polisyon, ak jenere anpil lòt benefis ou pa ka fin konte pou ekosistèm ak ekonomi nan tout kwen nan New York".

Komisè Pak yo Erik Kulleseid te deklare, "Gouvènè Andrew Cuomo rekonèt konsansis syantifik serye ki sipòte reyalite chanjman klimatik ke moun fè. Lwa sou Obligasyon Restore Manman Lanati li a pral transfòme rekonesans sa a an aksyon konkrè nan tout eta a, sa k'ap pwoteje sitwayen nou yo, enstalasyon Pak nou yo, ak resous natirèl nou yo kont aspè ki pi devastatè yo".

Dènye tanpèt yo, enkli gwo tanpèt Sandy, Siklòn Irene, ak Tanpèt Twopikal Lee, te pwouve evidans klè sou nesesite pou ranfòse rezistans kominote yo kont efè chanjman klimatik ak evènman meteyowolojik grav yo. Depi 2011, chak konte nan New York te fè eksperyans omwen ak de deklarasyon kataswòf ki gen rapò ak kondisyon meteyowolojik yo, epi plis pase mwatye sibi senk (5) oswa plis kataswòf. Gouvènman federal la ak gouvènman Eta yo depanse plis pase 26 milya dola pou reponn ak katastwòf sa yo, e syantis yo estime ke inondasyon pral koze domaj ki estime a plis pase 50 milya dola a nan New York nan pwochen deseni an. Li enpòtan anpil pou n envestis nan restorasyon anviwònmanal pou New York kontinye jwenn siksè ekonomik. Plèn inondab ak forè eta yo se baryè natirèl endispansab ki diminye risk pou kominote yo kont inondasyon ogmante ak tanpèt ki pi entans nan bay yon premye liy defans, ansanm ak abita enpòtan anpil ki nesesè pou kenbe pwason yo ak espès bèt sovaj yo.

Yo te adopte dènye lwa obligasyon anviwònmanal New York la prèske yon jenerasyon pase ki date depi 1996. Aksyon sa a pral ede sekirite finansman pou pwojè enpòtan yo pou pwoteje resous dlo eta a ak abita pwason ak bèt sovaj pou jenerasyon aktyèl la ak pou jenerasyon alavni yo.

Anplis de sa, Gouvènè Cuomo pwopoze pou sipòte Fon Pwoteksyon Anviwònmanal an pou katryèm ane youn dèyè lòt nan yon nivo rekò ki evalye a 300 milyon dola a. Apwopriasyon yo gen ladan 39 milyon dola pou pwogram dechè solid yo, 89 milyon

dola pou pak ak aktivite lwazi yo, 152 milyon dola pou pwogram anplennè yo, ak 20 milyon dola pou pwogram rediksyon ak adaptasyon chanjman klimatik la Li te pwopoze tou 500 milyon dola anplis pou enfrastrikti dlo pwòp, yon pati nan angajman san parèy eta a ki estime a 3.5 milya dola pou asire ke tout Nouyòkè yo gen aksè ak dlo pwòp.

Chèf Egzekitif Konte Albany an, Daniel P. McCoy, te deklare, "Chanjman klimatik la prezante yon ansanm menas pou New York ak lwa sou obligasyon anviwònmantral Restore Manman Lanati (Restore Mother Nature) Gouvènè Cuomo pwopoze a se yon repons ak anpil menas sa yo, soti nan baraj demode yo ki ap fè fas ak estrès tanpèt ekstrèm pou pwojè restorasyon yo pou marekaj yo nan tout bò rivaj nou yo ki sèvi kòm tanpon natirèl pou vag tanpèt yo. Plan pou aksyon sa a pral benefisye Nouyòkè yo nan anpil fason nan ane ki ap vini yo kòm kondisyon meteyowolojik ekstrèm yo ap vini plis komen ak grav".

Majistra Cohoes la, William Keeler, te deklare, "Lwa sou Angajman Restore Manman Lanati (Restore Mother Nature Bond Act) a vital pou ede konbat menas kwasan chanjman klimatik la, nan pwomouvwa agrikilti dirab, ak pwoteje ekonomi lokal nou yo. Mwen aplodi pwopozisyon Gouvènè Cuomo ki vize retabli ak amelyore anviwònman Eta New York ak pi gwo pati Rejyon Kapital la".

Patrick Madden, ki se Majistra Troy, te deklare, "Lwa sou Obligasyon Restore Manman Lanati Gouvènè Cuomo a montre yon angajman istorik pou pwoteje resous natirèl yo nan tout Rejyon Kapital la ak Eta New York la. Lè nou restore, prezève, ak pwoteje tè ak dlo piblik yo, sa pral bay yon avantaj imedyà pou kominote lokal yo pandan li ap kontinye konbat menas chanjman klimatik la, kreye yon lavni ki plis an sekirite, plis an sante pou jenerasyon alvni yo".

Gary McCarthy, ki se Majistra Schenectady, te deklare, "Gras ak lidèchip Gouvènè, Lwa sou Obligasyon Anviwònmantral la reprezante yon opòtinite transfòmasyonèl pou Eta New York. Lè nou pran aksyon pou redwi chanjman klimatik la ak investi nan restorasyon anviwònmantral, nou kapab sovgade tè ak dlo nou yo pou jenerasyon alavni yo kapab pwofite ak eksplòre".

Majistra Albany an, Kathy Sheehan te deklare, "Lwa sou obligasyon anviwònmantral Restore Manman Lanati a se yon etap enpòtan nan konbat chanjman klimatik - yon menas kwasan pou minisipalite yo atravè Eta New York. Mèsi Gouvènè Cuomo pou efò li yo pou ede pwoteje abitan nou yo ak resous natirèl nou yo".

###

Lèt nouwèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)